

Sijè: Aplikasyon Lekòl Presegondè kòmanse—Aplike avan 1ye mas!

Chè fanmi,

Peryòd aplikasyon lekòl presegondè a kòmanse kounye a, epi delè pou aplike a se **1ye mas 2022**. Si pitit ou a se toulede yon rezidan vil Nouyòk ak yon elèv ki nan klas 5yèm ane kounye a, asire w aplike nan delè a.

Men ki jan pou w aplike:

1. **Konekte (Log) nan kont [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov) ou.** W ap itilize MySchools, sistèm aplikasyon ak anyè sou entènèt DOE a, pou eksplòre lekòl presegondè yo ak aplike. Èske w bezwen èd pou gen aksè sou kont ou?
 - Elèv lekòl leta DOE oswa lekòl charter ka pale avèk konseye lekòl pitit ou a.
 - Elèv lekòl prive oswa relijye ka jwenn sipò nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).
2. **Jwenn plis enfòmasyon sou opsyon pitit ou a.** Ou kapab aplike nan jiska 12 pwogram sou aplikasyon pèsonalize lekòl presegondè pitit ou a.
 - Lè w konekte nan MySchools, rechèch ki gen enfòmasyon pèsònèl pitit ou a pral parèt ak tout pwogram lekòl presegondè li elijib pou ale yo. Si pitit ou a pa elijib pou aplike nan yon pwogram, pwogram sa a pa pral parèt kòm yon opsyon pou aplikasyon li a.
 - Jwenn plis enfòmasyon sou lekòl ou enterese yo nan paj MySchools yo, ki gen ladan lyen ak jan pou kontakte yo. Mete pwogram sou lis pwogram ou pi renmen (Favorites) yo lè w klike sou etwal ki toupre non yo.
 - Gade si lekòl presegondè yo ap òganize jounen pòt ouvèt (Open Houses) oswa si yo gen resous pou fanmi potansyèl lè w ale sou sitwèb yo oswa kontakte yo dirèkteman.
 - Ajoute jiska 12 pwogram sou aplikasyon pitit ou a. Asire w site chwa sa yo nan vrè lòd ou pi pito, avèk premye chwa pwogram ou an anlè kòm # 1. Pa gen avantaj pou site pwogram yo nan nenpòt lòt lòd.

MIZAJOU! Nou kontan anpil pou anonse apati admisyon otòn 2022 a, DOE pral demare ak priyorite pou frè/sè (sibling) pou aplikan lekòl presegondè. Pou elèv k ap aplike ivè sa a ki gen yon sibling nan klas 6yèm ane, w ap gen priyorite pou ale nan menm lekòl presegondè avèk sibling sa a—[gen plis enfòmasyon sou sitwèb nou an rn.](#)

3. **Voye aplikasyon w lan avan 1ye mas 2020.**
 - Ou ka aplike nan yonn nan twa fason sa yo: sou entènèt nan [MySchools](https://www.myschools.nyc.gov), atravè konseye pedagogik pitit ou a kounye a, oswa nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).
 - Si w aplike sou entènèt, w ap jwenn yon resi pa imèl ak nan kont MySchools ou a. Si w aplike atravè yon konseye pedagogik oswa yon Sant byenveni pou fanmi(FWC), asire w mande yon kopi resi w la.

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Ale sou sit wèb nou an, schools.nyc.gov/Middle, pou jwenn enfòmasyon sou admisyon ki pi ajou, tankou jan pou konnen chans pitit ou a pou jwenn yon òf nan yon pwogram espesifik. Nan tèt paj la, lis videyo nou an gen ladan ansèyman sou jan pou kreye kont MySchools ou ak voye aplikasyon pitit ou a ale.

Èske w enterese nan fè odisyon? Pwogram Art lekòl Presegondè pral envite fanmi yo pou voye ale odisyon vityèl ane sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou odisyon, tanpri ale sou [sitwèb odisyon lekòl presegondè](#) nou an.

Ou bezwen sipò? Nou la pou nou ede w! Pale avèk konseye lekòl kote pitit ou a ye kounye a, rele nan 718-935-2009, oswa kontakte yon [FWC](#).

Bòn chans,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp. **Si w vle retire non w sou lis mesaj pou admisyon lekòl presegondè yo, tanpri klike [la a \(here\)](#).**